

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana data hasil panalungtikan jeung pedaran, dirumuskeun kacindekan hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun nya éta:

- 1) Kamampuh nulis karangan éksposisi sanggeus dilaksanakeun pangajaran ngagunakeun média gambar.

Tina hasil panalungtikan kabukti ningkatna kamampuh nulis karangan éksposisi sanggeus ngagunakeun média gambar. Ieu hal katitén tina hasil rata-rata tés kamampuh nulis karangan éksposisi anu ngagunakeun média gambar. Hasil rata-rata tés kelas gambar nya éta 6,73. Éta hasil nuduhkeun yén siswa kelas Gambar mampuh nulis karangan éksposisi.

- 2) Kamampuh nulis karangan éksposisi sanggeus dilaksanakeun pangajaran ngagunakeun média *kartu kata*.

Tina hasil panalungtikan kabukti ningkatna kamampuh nulis karangan éksposisi sanggeus ngagunakeun média *kartu kata*. Ieu hal katitén tina hasil rata-rata tés kamampuh nulis karangan éksposisi anu ngagunakeun média *kartu kata* nya éta 7,53. Éta hasil nuduhkeun yén siswa kelas *Kartu Kata* mampuh nulis karangan éksposisi.

- 3) Béda nu signifikan antara kamampuh nulis karangan éksposisi ngagunakeun média gambar jeung *kartu kata*.

Média gambar jeung *kartu kata* nu digunakeun dina pangajaran nulis karangan éksposisi di kelas VII SMPN 1 Sukawening Garut kawilang cukup éféktif. Ieu kaayaan katitén ku nilai rata-rata kelas gambar (nu ngagunakeun média gambar) jeung kelas *kartu kata* (anu ngagunakeun média *kartu kata*) dina hasil tésna hadé. Dumasar hasil itungan, dipibanda $t_{itung} = 7,571$ pikeun kelas média gambar jeung kelas *kartu kata*, sedengkeun $t_{tabel} 2,393$. Hartina nya éta “Aya béda rata-rata antara hasil pascaté kelas gambar jeung *kelas kartu kata* sacara signifikan dina pangajaran nulis karangan éksposisi”.

Dumasar kana hasil babandingan nilai rata-rata pascaté nu dipibanda ku masing-masing kelas boh kelas gambar boh kelas *kartu kata* hasil itungan dimana kelas gambar anu kategorina can mampuh nulis karangan éksposisi aya 7 urang tina 28 siswa. Sedengkeun kelas *kartu kata* anu kategorina can mampuh nulis karangan éksposisi aya 4 urang tina 28 siswa. Éta hal nétélakeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis karangan éksposisi nu ngagunakeun média *kartu kata* leuwih éféktif dibandingkeun jeung anu ngagunakeun média gambar. Jadi, Ha ditarima “Kamampuh nulis karangan éksposisi anu ngagunakeun média *kartu kata* leuwih éféktif dibanding jeung anu ngagunakeun média gambar”.

Kusabab kitu, kacindekan ahir tina ieu panalungtikan nuduhkeun média gambar kurang éféktif dibandingkeun jeung média *kartu kata* atawa média *kartu kata* leuwih éféktif dibandingkeun jeung média gambar dina pangajaran nulis karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Sukawening Garut. Salian ti éta tina hasil panitén kagambar kahéngkérana jeung kaonjoyan tina dua média nu digunakeun, kahéngkérana diantarana guru diperedih sangkan leuwih parigel dina nyaluyukeun média pangajaran jeung matéri anu rék ditepikeun, merlukeun loba waktu jeung biaya. Sedengkeun kaonjoyanna nya éta siswa leuwih parigel jeung kahudang sumanget diajarna, siswa leuwih museurkeun paniténa kana matéri ku ayana média pangajaran, sarta teu nimbulkeun kabosen salila prosés diajar-ngajar.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan dipedar sababaraha saran anu mudah-mudahan miboga mangpaat pikeun kamajuan dunia pendidikan utamana dina ngaronjatkeun kualitas Sakola jeung kualitas guru ngajar dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Rékoméndasai nu diajukeun ngawengku:

- a) Guru kudu parigel milih jeung ngagunakeun média pangajaran anu luyu jeung matéri pangajaran nu baris ditepikeun ka siswa.
- b) Kamajuan élmu pangaweruh jeung téhnologi bisa dimangpaatkeun pikeun ngahontal tujuan pangajaran.
- c) Pangajaran nulis kudu leuwih dironjatkeun deui, sangkan ngarojong kamajuan siswa utamana dina pangajaran nulis.

Silva Eka Fauziah, 2013

Éféktivitas Média Gambar jeung Kartu Kata
 pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Nulis Karangan Éksposisi
 di Kelas VII SMP Negeri 1 Sukawening
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- d) Dina prosés diajar-ngajar ngeunaan nulis karangan, pikeun siswa kelas VII, guru kudu nungtun atawa ngabimbing siswa, lantaran siswa masih kénéh kawatesanan pangaweruhna ngeunaan karangan.
- e) Dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa jadi motivasi pikeun guru hususna sangkan leuwih parigel dina milih média pangajaran séjén salian ti média gambar jeung média kartu kata anu bakal leuwih éféktif jeung mampuh ngaronjatkeun tur ngahudang motivasi siswa dina pangajaran nulis.

